

Nim. 202.64

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo  
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202.22 jiska 202.26, 202.32, 202.33, 202.34, 202.35, 202.44, 202.45, ak 202.53 jan yo kontinye ak antre nan Dekrè Egzekitif 202.57 pou yon lòt trant jou jiska 18 oktòb 2020, epi avèk dokiman sa a mwen pwovizwaman sispann oswa modifiye sa ki annapre yo apati de dat Dekrè Egzekitif sa a jiska 18 oktòb 2020:

- Seksyon 522 nan Lwa sou Travay la (Labor Law) modifiye pou wete nan definisyon “chomaj total” la pèdiyèm, travay a tan pasyèl ki fèt ant 18 septanm 2020 ak 3 novanm 2020 pou Konsèy Elektoral Eta New York la (New York State Board of Elections) oswa yon konsèy elektoral lokal kote salè total pou semèn nan pou tout travay ki fèt pou kèlkeswa patwon an pa depase 504.00 dola epi pou patwon an pa dènye patwon yo te idantifye nan premye demann nan, epi pou pa egzije pou demandè yo rapòte travay a tan pasyèl sa a lè y ap sètifye pou asistans pa semèn.

**ANPLIS DE SA**, konfòmman ak otorite lalwa ban mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou jiska dat 18 oktòb 2020:

- Direktiv ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.48, ki te modifiye direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.28, ki te entèdi kòmanse yon aksyon oswa aplikasyon degèpisman nenpòt lokatè komèsyal poutèt yo pa peye lwaye, oswa sezi nenpòt prè ipotekè poutèt yo pa peye prè ipotekè sa a, kontinye pou rive jiska dat 20 oktòb 2020.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany

nan dizuityèm jou mwa septanm nan ane de  
mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a